

Kisa ACCESS for ELLs ye?

ACCESS for ELLs se yon egzamen pou konpetans nan lang Anglè ki mezire konpetans akademik elèv yo genyen nan lang Anglè.

Yo te idantifye pitit ou a kòm yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè (ELL), sa ki vle di pitit ou a kapab resevwa ansèyman nan lang Anglè, anplis de lòt kou l ap swiv yo. ELL yo pran yon egzamen pou konpetans nan lang Anglè chak ane.

Egzamen yo ede pwofesè yo konprann si elèv yo gen konpetans lengwistik ki nesèsè pou yo patisipe konplètman nan salklas la. Pwofesè pitit ou a itilize nòt egzamen ACCESS for ELLs yo lè y ap deside kijan pou yo pi byen anseye pitit ou a.

Epitou, nòt egzamen yo ede pwofesè yo swiv pwogrè pitit ou a fè nan aprantisaj Anglè akademik epi yo ede lekòl yo deside ki sèvis sipò yo dwe bay nan lang Anglè. Ou kapab itilize enfòmasyon nan egzamen yo pou defann pitit ou a lekòl la.



ELL

Yon Elèv k ap Aprann Lang Anglè, oswa ELL, se yon elèv ki gen opòtinite pou l resevwa ansèyman nan lang Anglè, anplis de lòt kou l ap swiv yo. Yo administre egzamen pou ELL yo chak ane pou ede pwofesè yo konprann konpetans lengwistik yo genyen yo, men ou gen dwa pou aksepte oswa refize sipò lengwistik la.

Konpetans Lengwistik

Yon konpetans lengwistik se yon evalyasyon ki montre nan ki nivo elèv yo ye nan pwosesis kontini pou yo devlope konpetans lengwistik yo. Lè elèv yo atenn pi wo nivo konpetans lengwistik yo, yo pa bezwen sèvis sipò lengwistik yo ankò.

Evalyasyon ACCESS for ELLs

- ACCESS for ELLs yo disponib nan fòm papyè ak kreyon oswa an vèsyon enfòmatisè.
- Kindergarten ACCESS for ELLs yo itilize yon seri istwa ak aktivite pou kenbe jèn aprenan yo angaje.
- Alternate ACCESS for ELLs yo se yon egzamen ke ekip sipò yo kapab chwazi itilize pou elèv ki gen andikap koyitif ki pi grav yo. Li bay sipò anplis epi li founi elèv yo plizyè posiblite pou yo reponn kesyon egzamen yo.



Diskite ak pwofesè yo sou plan egzamen ACCESS for ELLs yo nan lekòl pitit ou a.

Pitit ou a pa bezwen etidye pou egzamen ACCESS for ELLs yo. Egzamen an se yon opòtinite pou elèv yo demontre tout fason yo konprann ak fason yo kapab kominike ann Anglè.

Pou prepare pou jou egzamen an, asire w ke pitit ou a dòmi sifizaman epi fè li manje manje maten.

Diskite ak pwofesè pitit ou a sou kilè w ap jwenn nòt egzamen yo, sou kijan lekòl pitit ou a itilize nòt sa yo, ak sou kijan sipò lengwistik la ap chanje ofiramezi pitit ou a ap devlope konpetans nan lang Anglè.

Kesyon w ka poze

- Kilè pitit mwen pral pase egzamen ACCESS for ELLs yo?
- Kilè m ap resevwa nòt pitit mwen an fè nan egzamen ACCESS for ELLs yo?
- Kijan yo itilize nòt egzamen yo pou ede pitit mwen an fè pwogrè nan aprantisaj Anglè akademik?
- Kijan w ap detèmine ki lè pitit mwen an dwe sispann resevwa sipò lengwistik la?